

## Kijan pou Mwen Pote Plent Lè yon Moun Rayi m

Moun yo dwe swiv menm pwosesis lè y ap pote plent pou nenpòt lòt krim pou yo pote plent pou krim moun ki rayi moun. Pou krim k ap fèt oswa lòt ijans, rele 911 touswit. Ou ka pote plent pou sityasyon ki pa ijan oswa lòt ensidan ki pase nan estasyon polis ki nan lokalite w la. Ofisyel polis yo ap reponn, ba ou èd imedyatman ak mennen yon ankèt preliminè. Si krim lan sanble se akoz prejije, yo pral fè Gwoup k ap Travay sou Krim Moun ki Rayim moun lan konn sa epi y ap mennen yon ankèt ki pi fon.

Moun ki viktim krim rayisman ka konte sou sipò Ofisyel Zafè Kominotè ki nan estasyon polis lokal la ak Gwoup k ap Travay sou Krim Moun ki Rayi Moun pou ba ede resevwa èd ki apwopriye. Li enpòtan pou n sonje ke kondisyon imigrasyon yon moun pa ka anpeche yo pote plent pou krim moun ki rayi yo oswa jwenn sèvis ki essansyèl. Gwoup k ap Travay sou Krim Moun ki Rayi Moun nan NYPD pran bonjan angajman pou mennen ankèt sou krim moun ki rayi moun.

## Sonje.

Pote plent pou yon krim nan NYPD gen anpil valè pou sekirite publik. Rele 911 touswit pou w jwenn èd nan sityasyon ijans.

Pou krim ki pa ijan oswa krim ki pase, kontakte estasyon polis ki nan lokalite w la ak **rele Crime Stoppers nan 1-800-577-TIPS** pou w bay enfomasyon an sekrè ki ka ede ankèt la.

Lè w rapòte krim, ou kontribiye pou gen yon kominote ki pi sekirize ak sipòte misyon NYPD pou pwoteje ak sèvi sitwayen ak vizitè Vil Nouyòk yo.



**NYPD**  
**GWOUP K AP TRAVAY**  
**SOU KRIM MOUN KI**  
**RAYI MOUN**

## Kisa yon Krim Rayisman ye?

Nenpòt ofans oswa aksyon ki pa respekte lalwa ki fèt anjeneral oswa an pati akoz yon kwayans oswa pèsepsyon akoz raz, koulè, peyi orijin, zanzèt, sèk, idantite seksyèl oswa ekspresyon, pratik reliye, laj, andikap, oswa oryantasyon seksyèl yon moun kit kwayans lan oswa pèsepsyon an kòrèk ou pa.



## Gwoup k ap Travay sou Krim Moun ki Rayi Moun NYPD

**Gwoup k ap Travay sou Krim Moun ki Rayi Moun** lan se yon ekip ofisye polis NYPD ki responsab pou mennen ankèt sou krim ki rive akoz prejje.

Objektif prensipal ofisye polis sa yo se trennen moun k ap fè krim sa yo lajistis. Avèk konpetans, fòmasyon, ekspètiz espesyal yo, yo mennen bonjan ankèt sou endidan sa yo. Anplis, ekip la kolabore avèk òganizasyon kominotè yo ak lòt ajans fòs lòd pou rive konnen, fè prevansyon ak aprann sou krim moun ki rayi moun. Travay Goup la trè enpòtan pou konbat rayisman ak asire sekirite piblik pou tout moun.



## Libède Dekspresyon fas ak Krim Rayisman

Premye Amandman Konstitisyon Etazini asire ke moun yo ka eksprime opinyon yo avèk libète, kèlkeswa jan yo ofanse lòt moun. Fè distenksyon ant libète dekspresyon ak krim rayisman ka difisil. Kote langaj abizif ak rayisab ka pwoteje pa libète dekspresyon, yon krim rayisman rive lè aksyon yon kriminèl rive fèt akoz idantite viktim lan. Pa egzanp, menm si se yon ofans, rele yon moun nan yon non ki ensiltan oswa yon ensil ka tonbe nan kategori libète dekspresyon. Sepandan, si yon moun sible yon moun akoz ras li epi fè tantativ pou atake l, li vin yon krim rayisman.

## Resous

### Ajans Sèvis pou Viktim:

- The New York City Mayor's Office of Victim Services
- Safe Horizon

### Konsèy ak Sipò Sante Mantal:

- Legal Aid Society
- New York Crime Victims Legal Network

### Kominote ak Gwoup Sipò Òganizasyon:

- Crime Victims Treatment Center (CVTC)



# NYPD

Depatman Lapolis Vil New York